Нæ кадджын адæм

# Скъолайы фарн — ахуыргæнæг

Зонды суадон хуымæтæджы суадон нæу. Алкæмæн йæ къухы нæ бафты уымæй йæ мондæгтæ сисын. Стæмтæм разыны ахæм ныфс, хъару æмæ фæразондзинад. Зонындзинады фæндæгтыл цæугæйæ, адæймаг цы зындзинæдтыл амбæлы, уыдоны сæрты æрмæст ацы миниуджыты фæрцы ис кадимæ ахизæн.

Æнцон фæндæгтыл нæ цыд мæ абоны æрмæджы хъайтар Габысаты Азæ дæр. Бавзæрста алцыдæр: сидзæры æхсæвтæ, æххормаг, уазал хæстон бонтæ... Хъысмæт æй цас тынгдæр рæхуыста, уыйас хъæддыхдæрæй цыд размæ. Æмæ æппынфæстаг бантыст йæ къухы йæ сæйраг фæнд — ныма адæймаг суæвын, кадджын ахуыргæнæг.

Азæ каст фæци Æрыдоны хъæуккаг скъола æмæ йæ куысты фыццаг къахдзæфтæ дæр ам кодта. Æнусы æмбис — ахæм æмгъуыд снывонд кодта Габысон йæ уарзон скъолайæн, ахуырдзаутæн, йæ куыстæн. Абон азтæ æруагътой сæ уæз хæрзконд ахуыргæнæгыл. Нал æм ис кæддæры хъару, йе 'нæниздзинад дæр раздæры хуызæн нал у. Фæлæ, кæддæрау, йæ цæстытæ сæрттивынц скъоладзауты аив уындмæ. Æмæ кæд бирæ азты нал тагъд кæны скъолайы фыццаг дзæнгæрæгмæ, уæддæр йæ бирæ ахуырдзаутæй, йе 'мкусонтæй рох нæу.

Уымæн æвдисæн у Баскаты Станислав. Ирон æвзаг æмæ литературæйы уроктæм Станислав цыди уæлдай æхсызгонæй. Йæхæдæг куыд дзуры, афтæмæй Габысаты Азæйы цымыдис уроктæ абон дæр арæх æрæмысы. Нæу дзы рох уый дæр, куыд лæмбынæг хъуыста йæ уарзон ахуыргæнæджы амындмæ. Тынг мæ ныффæдзæхста Станислав Азæйы тыххæй æрмæг ныммыхуыр кæнын газеты фæрстыл. Йæ амындмæ гæсгæ сфæнд кодтон аныхас кæнын Габысонимæ.

Æнæнхъæлæджы уазæджы тыххæй, кæй зæгъын æй хъæуы, сылгоймаг ницы зыдта. Ме 'рбацыды сæр ын куы бамбарын кодтон, уæд бахудт æмæ загъта: "Æрыгæтты тыххæй хъæуы фыссын. Æндæр ма мæн хуызæн зæронд кæй æндавы..." Фæлæ æппынфæстаг сразы ис.

**— Бирæ азты дæргъы фæкуыстай скъолайы, æмæ ацы фарстæн дæуæй хуыздæр дзуапп ничи ратдзæн. Куыд дæм кæсы, цавæр сæйраг миниуджытæй хайджын хъуамæ уа æцæг хорз ахуыргæнæг?**

— Рагæй дæр ахуыргæнæджы дæсныйад нымад у иннæтæй кадджындæрыл. Уымæн æмæ ахуыргæнæгæй аразгæ у, цавæр быдурон зонындзинæдтимæ бацæудзæн скъоладзау уæлдæр ахуырадмæ, цы дзы сырæздзæн суинаг рæстæджы. Хорз ахуыргæнæг, æнæмæнг, хъуамæ уарза сывæллæтты. Æнæ уымæй скъоламæ цæуæн нæй. Зын дæсныйад у, стыр домæнтæ агуры адæймагæй, æрвылбон фæллой. Фæлæ дæ куыстæй райгонд куы уай, уæд цыфæнды зындзинæдтæн дæр бафæраздзынæ.

**— Зонын æй, цасдæр рæстæг кæй куыстай нæ газет "Рухс"-ы редакторæй дæр. Фæлæ стæй дæхи уыцы бартæй цæмæн суæгъд кодтай?**

— Хицауæй кусынæн арæхстдзинадæй уæлдай фæндон дæр хъæуы, зæрдæйы амынд. Мæнмæ та ахæм фæндон нæ уыд. Цыппар азы бакуыстон редакцийы. Фыццаг дыууæ азы — редакторы хæдивæгæй, стæй та — редакторæй. Мæ куысты фæстиуæгæй разы уыдтæн, фæлæ мæ зæрдæ тырныдта скъоламæ, сывæллæттæм. Ныууагътон газет æмæ та мæ къласмæ æрбацыдтæн. Уый фæстæ куыстон завучæй дæр, директорæй дæр. Фæлæ та æппынфæстаг хуымæтæг ахуыргæнæгмæ мæхи раивтон. Ахæм уыд мæ зæрдæйы фæндон.

**— Алы ахуыргæнæг дæр архайы, цæмæй йын скъоладзаутæ бауарзой йæ предмет. Æмæ уæдæ дæуæн куыд бантыст сывæллæттæн ирон æвзаг æмæ литературæ афтæ бауадзын сæ зæрдæты? Афтæ, цæмæй ма раст 30 азы фæстæ дæр дæ уроктæ æхсызгонæн мысой?**



— Алы урокмæ дæр, кæй зæгъын æй хъæуы, лæмбынæг цæттæ кодтон мæхи, цæмæй уый цымыдисаг, хъуыдыджын уа. Тынг мæ фæндыд, цæмæй æрмæст фæлтæрæнтæ, раиртæстытæ æмæ уацмыстæй арæзт ма уа. Фæлæ, цæмæй сывæллоны зæрдæйы цымыдисдзинад сывзæрын кæнай дæ предметмæ, уый тыххæй дын хъуамæ дæхи дæр уарза æмæ нымайа. Сабийæ арæхстджындæр ничи у зæрдæ базонынмæ. Уыдтæн семæ растзæрдæ. Мæ ахастдзинад алкæмæдæр уыд иухуызон. Æмæ скъоладзаутæ уымæн стыр аргъ кодтой. Темæ дзургæйæ-иу, арæх æрхастон дæнцæгтæ нæ цардæй. Сывæллæттæ уый тынг уарзтой. Архайдтон, цæмæй алы урок дæр уа ног зонындзинæдтæ æмæ æнкъарæнтæ гуырæг.

**— Фæндзай азмæ цал урочы скодтай, уый абон зын банымайæн у. Фæлæ уыди се 'хсæн, æвæццæгæн, ахæмтæ, кæцытæ иннæтæй арæхдæр дæ зæрдыл æрлæууынц?**

— Кæцы аз уыди, уый нал хъуыды кæнын. Фæлæ бæрæг кодтам ахуыргæнæджы Бон. Мæ ахуырдзауты мыл чидæр сардыдта, уæ ахуыргæнæгæн, дам, шоколады плиткæтæ балæвар кæнут бæрæгбоны фæдыл. Урок райдыдта, æмæ уалынмæ скъоладзаутæ иугай ме стъолыл райдыдтой æвæрын плиткæтæ. Æз сагъдауæй аззадтæн. Стæй сын зæгъын: "Бузныг уын. Фæндыди уæ скæнын æхсызгондзинад, фæлæ мæнæн адджинаг хæрæн нæй. Уæдæ æмæ абон мах скæндзыстæм æнахуыр урок — адджын урок. "Марадз-ма, — иумæ дзы дзурын, — байуар ма алкæмæндæр фæйнæ плиткæйы". Æмæ сывæллæттæ куыд æхсызгонæй хордтой сæ адджын хæйттæ, уый фенын бирæйы аргъ уыд.

**— Адæймаджы миниуджытæ, кæй зæгъын æй хъæуы, ныййарæгæй цотмæ цæуынц. Ды та дæ мад æмæ фыдæй цавæр миниуджытæ рахастай?**

— Фыццаджыдæр, æвæццæгæн, рæдаудзинад æмæ адæмимæ халарæй цæрын хъомдзинад. Мæ ныййарджытæ хуымæтæг зæхкусæг адæм уыдысты. Ахуырдзинад сæм кæй нæ уыд, уымæ гæсгæ сæ тынг фæндыд, цæмæй сæ иунæг чызг исты дæсныйад райса. Хæрз чысыл уыдтæн, мæ фыд куы амард уæд, æмæ мæ хъуыдыты уыцы иухуызонæй лæууы ныронг дæр — урсзачъе зæронд лæг, уæздан æмæ растзæрдæ. Афтæ рауад, æмæ скъолайы ахуыр кодтон хæсты рæстæджы. Цалдæр хатты-иу загътон, ныууадзон скъола æмæ колхозмæ куыстмæ бацæуон, фæлæ та-иу мын мæ мад ныллæгъстæ кодта: "Ма бакæн ахæм æнæрхъуыды ми. Науæд мæхи амардзынæн!" Æмæ та-иу ныхъхъус дæн æз дæр.

**— Ахуыргæнæгæй суæвыны фæнд та дæм кæд сæвзæрд?**

— Скъолайы фæстæ мæ мæ мады хæстæджытæ бакодтой ахуыр кæнынмæ финансон техникуммæ. Мæй дæр дзы нæ бафæрæзтон, мæ зæрдæмæ кæй нæ цыд ацы дæсныйад, уымæ гæсгæ. Рагæй дæр мæ цæстыты ахуыргæнæджы куыст уыд æппæты кадджындæр, æмæ та мын уæд мæ хæстæджытæ баххуыс кодтой бацæуын æмæ фæуын Наркомпросы райдиан къæлсты ахуыргæнæджы дыууæмæйон курсытæ. Ахуыргæнгæйæ равдыстон арæхстдзинад, æмæ мæ æнæ къуылымпыйæ райстой ахуыргæнджыты институтмæ. Уый фæугæйæ, райдыдтон кусын Æрыдоны дыккæгæм скъолайы ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæгæй.

Азæйы фæрцы скъолайы фæзынд цæстуынгæ мадзæлттимæ ирон æвзаг æмæ литературæйы кабинет. Ахуырдзаутæй ныв кæнынмæ арæхстджын чи уыд, уыдонæй иуæн бафæдзæхста Нарты Кадджыты хъайтарты стыр бæзджын гæххæтыл снынв кæнын. Азæ уыдонæн рамкæтæ скодта æмæ сæ къултыл сауыгъта. Уыцы агъуыст уроктæ кæнынæн хæрз къаннæг кæй уыд, уымæ гæсгæ дзы Габысон йæ литературон къорды архайджытимæ фембæлдтæ арæзта.

Хæдзармæ фарн чындз æрбахæссы, скъоламæ та — ахуыргæнæг. Габысаты Азæ фæрнджын ахуыргæнæг кæй у, сывæллæттимæ кусынмæ йæм уæлмонц курдиат кæй ис, ууыл гуырысхо никуы ничи кодта. Йæ арф зонындзинæдтæн, йæ арæхстдзинад хуымæтæг уроктæ скæнын цымыдисаг æмæ аив, теоретикон æмæ практикон æгъдауæй æрмæг бафидар кæнынæн æвдисæн сты йæ бирæ дипломтæ, хорзæхтæ æмæ грамотæтæ. Зæгъæм, йæ доклад "Использование технических средств, наглядных пособий на уроках осетинской литературы", зæгъгæ, Республикон педагогон бакастыты хорзæхгонд æрцыд кадджын грамотæйæ. Схорзæх æй кодта нæ республикæйы Иумæйаг æмæ профессионалон ахуырады министрады Колыты Аксойы номыл фонд дæр йæ лæварæй.

Азæйы æнæргъæвд фæллой пайдаджын у ныронг дæр. Дæсæм æмæ иуæндæсæм къæлсты "Ирон литературæйы хрестомати" — тæн у сæ автор. Стæй брошюра "Куыд аразын ирон æвзаджы уроктæ 5-10 къæлстæн" дæр у Габысаты Азæйы фыст. Хуыцау зæгъæд, æмæ æнусты ма ферох уæд, æрыдойнаг Габысаты Азæ цы стыр бавæрæн бахаста ирон литературæ æмæ æвзаг зонынадмæ, уый.

Æрмæг бацæттæ кодта
МÆРГЪИТЪ Аланæ

---

Машук — 2012

# МЫ РАЗНЫЕ, НО РАВНЫЕ

**Около полутора тысяч участников со всех субъектов СКФО собрал второй поток молодежного форума "Машук — 2012". В состав делегации РСО — Алания вошли более 120 талантливых и инициативных ребят. Среди них была и член молодежного парламента Ардонского района Марина МСОЕВА.**

— Прежде чем попасть на "Машук - 2012", я приняла участие в межрегиональном молодежном форуме "Поиск", который проходил в г. Кисловодске, — рассказывает Марина. — Он являлся отборочным этапом конкурса молодежных проектов на Всекавказском форуме "Машук — 2012". Около 500 человек презентовали свои работы по четырем основным направлениям. Номинация "Политика" предназначалась для молодых депутатов законодательных органов государственной власти и местного самоуправления, а также членов политических партий, молодежных общественных объединений, помощников депутатов и других политически активных людей. В номинации "Победитель" свои проекты представили победители региональных, межрегиональных и всероссийских конкурсов. В номинации "Общественная деятельность" выступили авторы идей, направленных на развитие межэтнических и межнациональных отношений, а в номинации "Лидер общественного мнения" — активисты молодежной политики, защищающие интересы студенческого сообщества. Моя работа была представлена в номинации "Общественная деятельность".

Приятно отметить, что проект



Марины Мсоевой был признан самым лучшим. Благодаря этому она смогла стать участником форума "Машук — 2012".

Юноши и девушки второго потока защищали свои работы по трем направлениям: "Инвестиции и инновации" — для молодых ученых, "Мое дело" — для предпринимателей и "Гражданская активность" — для общественников.

За основу своего проекта "Мы разные, но равные" Марина Мсоева взяла актуальную проблему, касающуюся трудоустройства молодых людей с ограниченными физическими возможностями.

— Мне хотелось бы создать рабочие места для инвалидов, — продолжает свой рассказ девушка. — Основная идея моей работы заключалась в том, чтобы обучить молодежь с ограниченными физическими возможностями швейному делу и открыть цех, где они смогут шить товары первой необходимости для новорожденных. Надеюсь, что проект будет одобрен.

Кроме насыщенной образовательной программы: лекций, семинаров, тренингов, мастер-классов, "круглых столов", для участников были организованы различные развлекательные мероприятия — КВН, спортивные соревнования и др.

— За время нашего пребывания на "Машуке — 2012" гостями форума были полпред Президента страны в СКФО Александр Хлопонин, представители политической и деловой элиты региона, а также известные спортсмены и работники культуры, — делится своими впечатлениями Марина Мсоева. — А певец Дмитрий Колдун, участники группы "Марк Твен" и "Город 312" давали для нас праздничный концерт. В рамках форума были проведены и Дни субъектов. В день Республики Северная Осетия — Алания мы презентовали проект будущего культурного центра Владикавказа. Поддержать нас приезжал заместитель председателя Правительства республики Сергей Таболов. Высокий уровень подготовки делегации Северной Осетии отметил и руководитель группы экспертов форума Алексей Горбачев.

Восемь насыщенных дней провели участники второго потока на "Машуке". Они учились, общались, развлекались, а главное — боролись за гранты для своих проектов, реализация которых послужит развитию Северо-Кавказского региона.

Эльза ЛАЗАРОВА.

---

ПОЭТИКОН УЛÆНТЫЛ

## Амонд

Адæм кæмæ бæллынц рагæй,
О, амонд, цы хуызæн дæ, цы?
Зæгъ ма, кæцон дæ æвзагæй?
Мæн аныхас демæ фæнды.

Мидбылты худыс ды иутæм,
Хи аласыс иннæтæй дард.
Иутæн дзаг цинæй сæ риутæ,
Сты иннæты зæрдæтæ ’нкъард.

Иутæн æрлæууыс сæ фарсмæ,
Æмгарау чысыл тыхсты дæр,
Гæртæмттæй æвæццæгæн баст дæ,
Æдвакатау, семæ ды дæр.

Сегасы тыххæй нæ дзурын,
Дæнцæгæн мæхицæй зæгъон.
’Рмæстдæр дæ иу хорзæх курын,
Цæмæй дын æмцæдисон уон.

Ды мæн нæ кæныс хъуыды дæр,
Кæдæмдæр фæлыгътæ тæргай.
Вæццæгæн загътай: ’’Цы фыддæр
Мæ бæсты куы фæуид дæ хай’’.

Сидын дæм, курын дæ, ’рцу мæм,
Цæй, разын æнæхин æмгар.
Цардыл лæмбынæг æрдзурæм,
О, мауал мæ тухæнæй мар.

Бæргæ, куы уаиккам зонгæ,
О, адæмты ’нусон бæллиц.
’Взагæй та, цымæ, кæцон дæ?
Мæн аныхас демæ фæндид.

ХÆУЫТАТЫ Къола.